

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, kalungguhan kaparigelan maca pohara pentingna pikeun kalumangsungan diajar siswa. Maca téh hiji prosés anu dilakukeun pikeun nyangkem eusi atawa ma'na. Maca ogé hiji prosés ngalisankeun basa tinulis ku cara nyangkem, napsirkeun, jeung méré ajén kana basa tinulis. Resmini, spk (dina Anggraeni, 2016) nétélakeun yén maca nyaéta prosés basa. Maca disebut hiji prosés lantaran salasihiji léngkahna nu ésénsial ku cara basa anu diucapkeun. Rahman (2018b, kc. 1) nétélakeun yén maca téh mangrupa indung tina literasi. Maca miboga kalungguhan nu kalintang penting dina kahirupan masarakat. Unggal aspék ngalibetkeun kagiatan maca. Lian ti éta, maca mangrupa tungtutan pikeun kahirupan manusa sapopoé (Pisa dina Rahman, 2018b kc. 1).

Dina Kurikulum 2013 révisi 2017 Mata Pelajaran Basa Sunda tingkat SMP, katitén aya opat kompetensi nu ngajadikeun kaparigelan maca minangka hal nu diutamakeun dina ngahontal tujuan pangajaranna. Salasihijina nyaéta pangajaran warta. Dina kompéténsina kaparigelanna, pangajaran warta kaasup kana kaparigelan maca. Téhnik maca pikeun maca warta nyaéta téhnik maca bedas.

Maca bedas mangrupa hiji kagiatan alat pikeun guru, murid, atawa maca babarengan jeung batur atawa pamiarsa pikeun meunang informasi, pikiran, jeung pesen ti panulis (Tarigan, 2015 kc. 23). Maca bedas hakékatna mangrupa hiji masalah lisan atawa *oral matter* (Puspitandhari, 2014). Kagiatan maca bedas dina pangajaran basa (komo pangajaran basa kadua) mah leuwih nempokeun aspék pangajaran cara ngocapkeun (*pronunciation*) tibatan kana aspék pamahamanna (*comprehension*), kaasup Basa Sunda.

Ngaliwatan pangajaran maca warta dina Basa Sunda, siswa diajar bisa ngapraktékeun basa Sunda sacara bener tur merenah. Tapi, kanyataanana di sakola

sakumaha nu ditétélakeun ku Mutaziyah (2018 kc. 1) yén teu saeutik nu ngarasa balueung sarta teu apal kumaha cara maca warta anu hadé tur merenah. Ari dina prosés maca warta, siswa diperedih maham kana basa tinulis sarta ngabacakeun sacara bedas tur luyu jeung eusi informasi nu ditepikeun. Kaayaan siga kieu ngabalukarkeun siswa ngarasa éra nalika dititah midang di hareup kelas. Ieu hal tangtu jadi bangbaluh nalika diajar basa Sunda hususna dina materi maca warta.

Sanajan dina pangajaran maca warta siswa leuwih diutamakeun pikeun diajar cara ngedalkeun basana, tapi hakékatna maca warta sacara bedas sarua méré pangaweruh pikeun pamaca. Tapi dina kagiatan maca bedas, aya pihak séjén nu meunang pangaweruh ogé lantaran éta pihak ngaregepkeun bacaan nu dikedalkeun, boh sacara kahaja boh teu kahaja.

Pikeun ngungkulan pasualan-pasualan di luhur, antukna ngajadikeun guru kudu leuwih kréatif sangkan barudak bisa leuwih wani tur ludeung nalika midang di kelas sarta teu monoton nalika diajar. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Rahman (2018 kc. 5) yén kakréatifitasan perlu dipiboga guru sangkan nalika prosés diajar bisa luyu tur ngajadikeun siswa bisa nuturkeun sarta haténa ngarasa bungah nalika diajar. Nurutkeun Nikmah spk. (2016, kc. 2) guru kudu bisa ngajalankeun éta peran sacara hadé sangkan siswa bisa ngahontal tujuan pangajaran. Ku kituna, guru téh kudu ngaronjatkeun kamampuhna pikeun ngungkulan kualitas pangajaran nu dipibogana. Satékah polah guru miboga hojah sangkan ngaronjatkeun kualitas pangajaranna kaasup dina pangajaran maca warta, di antarana pamilihan stratégi jeung modél pangajaran nu saluyu jeung kondisi siswa tuluy ngemekarkeun pangabisana. Jadi, pangajaran téh kudu ditekenkeun ka siswa (*student centered*).

Aya sababaraha stratégi anu kudu dicangking ku guru. Nurutkeun Hamel jeung Prahalad (dina Zaini et al., 2008 kc. 4) stratégi mangrupa tindakan nu sipatna *incremental* (biasana naék) jeung tuluy-tumuluy. Stratégi pangajaran dasarna mangrupa prosés nambahan informasi jeung kamampuh anyar. Ku kituna, guru kudu mikir stratégi naon anu kudu dilakukeun sangkan tujuan matéri bisa kahontal sacara

Ai Sylvia Nurpiansari, 2020

STRATÉGI PRACTICE REHEARSAL PAIRS DINA PANGAJARAN MACA WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

éféktif. Salasahiji stratégi pangajaran nu bisa dipaké nyaéta ku cara diajar kelompok atawa babarengan. Sakumaha ditétélakeun ku Dick & Carey (dina Sanjaya, 2014 kc. 126) nétélakeun yén stratégi pangajaran nyaéta hiji sét matéri jeung prosedur pangajaran nu digunakeun sacara babarengan pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa. Stratégi *Practice Rehearsal Pairs* (anu satuluyna disebut PRP) mangrupa salasahiji stratégi pangajaran nu asalna tina pangajaran aktif. Stratégi PRP dimekarkeun sacara prakték jeung udagan komunikasina pikeun siswa bisa babagi kamampuhna jeung siswa nu séjén, diajar mikir kritis, silih népakeun pangaweruhna, tur silih mantuan dina diajar. Ku kituna, ieu stratégi bisa ngarojong sangkan siswa mampuh ngamekarkeun pangabisana dina maca warta.

Stratégi PRP mangrupa stratégi basajan nu bisa dipaké pikeun ngapraktékeun hiji kaparigelan jeung babaturan atawa bisa ogé disebut prakték pasangan. Ieu stratégi biasa digunakeun pikeun matéri mata pelajaran prakték. Ku kituna, stratégi PRP dipiharep bisa dijadikeun cara pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran basa Sunda hususna maca warta kalayan hasil nu nyugemakeun.

Ieu strategi dipiharep lain saukur ngungkulan pasualan dina lebah maca warta saperti maca bedas ilaharna. Pon kitu nepi ka ngahontal udagan pangajaran maca warta nu luyu jeung kompetensi dasar dina Kurikulum Mata Pelajaran Basa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/MTs (2017) nyaéta siswa dipiharep miboga kompetensi kaparigelan maca warta ku cara niténan wirahma/témpo, artikulasi jeung lentong kalimah.

Nilik kana éta hal ogé, bahan pikeun diajar maca warta kudu dipilih nu miboga eusi nu rélevan jeung siswa katut basana babari dicangkem. Leuwih jembarna, teu loba ogé jalma anu diajar maca warta sacara bener tur merenah bisa ngalarapkeunna dina jaga kahirupan sapopoéna, saperti *penyiar radio* jeung *pembicara televisi*.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan stratégi *Practice Rehearsal Pairs* kungsi dilakukeun ku sababaraha urang, di antara ku: Maryatun anu judulna “Penerapan Model Pembelajaran *Practice Rehearsal Pairs* (Praktek Berpasangan) untuk

Ai Sylvia Nurpiansari, 2020

STRATÉGI PRACTICE REHEARSAL PAIRS DINA PANGAJARAN MACA WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan upi.edu

Meningkatkan Aktivitas Belajar Siswa pada Mata Pelajaran IPS Kelas IV SDN 02 Malangaten, Kebakramat, Karanganyar” (Maryatun, 2012) jeung panalungtikan ku Geniung Yan Pratidina jeung Hotmaria Tampubolon anu judulna “Pengaruh Model Pembelajaran *Practice Rehearsal Pairs* Berbantuan Media LKS Terhadap Hasil Belajar Prakarya Siswa SMP Kelas VIII SMP Darma Patra Pangkalan Berandan” (Pratidina & Tampubolon, 2017)

Hasil panalungtikan saméméhna aya béda anu signifikan, stratégi PRP bisa ngaronjatkeun kana objék-objék panalungtikan di luhur. Panalungtikan di luhur ogé ngarojong kana ieu panalungtikan sabab sarua ngabahas strategi PRP. Bédana nyaéta panalungtikan di luhur ngagunakeun “média LKS dina pangajaran Prakarya jeung ngaronjatkeun aktivitas diajar siswa dina mata pelajaran IPS” salaku objékna, sarta “Siswa kelas VIII SMP Darma Patra Pangkalan Berandan jeung Kelas IV SDN 02 Malangaten, Kebakramat, Karanganyar” salaku subjék panalutingkana.

Dumasar kasang tukang masalah di luhur perlu diayakeun panalungtikan ngeunan strategi *Practice Rehearsal Pairs* dina pangajaran maca warta. Panulis ngarasa kataji pikeun nalungtik Strategi *Practice Rehearsal Pairs* dina Pangajaran Maca Warta (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2019/2020) perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah anu kapaluhur diantarana:

- a. siswa ngarasa balueung sarta teu apal kumaha cara maca warta anu hadé tur merenah;
- b. kurangna rasa *percaya diri* siswa; jeung
- c. kurang ngirutna cara guru nepikeun matéri ka siswa.

Ai Sylvia Nurpiansari, 2020

STRATÉGI *PRACTICE REHEARSAL PAIRS* DINA PANGAJARAN MACA WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan upi.edu

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah nu rék ditalungtik dirumuskeun ieu di handap:

- a. kumaha kamampuh maca warta siswa di kelas kontrol?
- b. kumaha kamampuh maca warta siswa di kelas ékspérimén?
- c. kumaha éféktivitas antara kamampuh maca warta siswa di kelas kontrol jeung kelas ékspérimén?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan tujuanna pikeun nguji stratégi *Practice Rehearsal Pairs* dina pangajaran maca warta ka siswa kelas VIII di SMP Negeri 12 Bandung taun ajar 2019/2020.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan di antarana pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh maca warta siswa di kelas kontrol;
- b. kamampuh maca warta siswa di kelas ékspérimén;
- c. éféktivitas antara kamampuh maca warta siswa di kelas kontrol jeung kelas ékspérimén.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan kabagi dua, di antarana mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ai Sylvia Nurpiansari, 2020

STRATÉGI *PRACTICE REHEARSAL PAIRS* DINA PANGAJARAN MACA WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara téoritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan stratégi pangajaran pikeun ngaronjatkeun pangajaran di sakola, hususna dina dunya atikan. Dina ieu panalungtikan utamana ngeunaan pangajaran maca warta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, di antarana:

- a. pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa ngirut siswa kana maca warta, sangkan dina pangajaran maca warta siswa teu ngarasa balueung jeung leuwih *percaya diri* nalika midang boh di kelas atawa dimana waé;
- b. pikeun guru, ieu panalungtikan bisa jadi référénsi guru kana stratégi pangajaran pikeun nepikeun bahan pangajaran ngeunaan maca warta;
- c. pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa jadi ngeuyeuban pangaweruh sarta bisa jadi référénsi ngeunaan tugas; jeung
- d. pikeun panyusun, ieu panalungtikan bisa jadi ngeuyeuban pangaweruh panyusun ngeunaan dunya atikan, hususna dina stratégi pangajaran.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Téori, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir, eusina medar ulikan téori ngeunaan stratégi pangajaran, stratégi *Practice Rehearsal Pairs*, maca, warta, maca warta, stratégi *Practice Rehearsal Pair*, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina medar méthode panalungtikan, desain panalungtikan, populasi jeung sampel, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, analisis data, jeung uji sipat data.

Ai Sylvia Nurpiansari, 2020

STRATÉGI *PRACTICE REHEARSAL PAIRS* DINA PANGAJARAN MACA WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB IV Hasil jeung Pedaran, eusina medar kamampuh siswa di kelas nu henteu ngagunakeun jeung ngagunakeun stratégi *Practice Rehearsal Pairs*, bédana siswa di kelas nu henteu ngagunakeun jeung ngagunakeun stratégi *Practice Rehearsal Pairs*, uji sifat data, uji hipotésis jeung pedaran hasil panalungtikan.

BAB V Kacindekan, eusina medar kacindekan, rékoméndasi jeung implikasi tina hasil panalungtikan stratégi *Practice Rehearsal Pairs* dina pangajaran maca warta.